



Republik Ayiti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



Entèvansyon prezidan Akademi Kreyòl Ayisyen an, Rogéda D. Dorcil, nan yon webinè UNESCO te òganize sou tèm : *Edikasyon miltileng ki chita sou lang matènèl*, 28 oktòb 2022

Se avèk de (2) santiman, kòm prezidan Akademi Kreyòl Ayisyen, m ap patisipe jodi 28 Oktòb 2022 a nan lansman deba sou lide yon Edikasyon miltileng ki chita sou lang matènèl.

An premye, mwen regrett sitiyasyon peyi a pa pèmèt Ayiti selebre Jounen entènasyonal lang ak kilti kreyòl la pou ane a, pandan tout pèp kreyolofòn ap paweze tou patou nan Karayib la, nan Oseyan Endyen an ansanm ak anpil kominote kreyolofòn nan plizyè peyi ak yon pakèt manifestasyon pou pwomosyon lang ak kilti kreyòl yo. Mwen regrett Akademi Kreyòl Ayisyen pa gen posiblite reyalize gwo pwogram li te prepare pou li te selebre mwa lang ak kilti kreyòl 2022 a.

An dezyèm, mwen kontan konstate lang kreyòl ayisyen an, lang nasyonal la, lang ofisyèl peyi a, lang tout Ayisyen alawonnbadè a ap mache, ap pran plas li pi plis chak jou, nan sosyete a, nan administrasyon peyi a, nan sistèm edikasyon peyi a tou. Mwen kontan salye lide UNESCO jodi a ki lanse deba sa a ki mete lang matènèl, kididonk lang kreyòl pou AYITI nan kè yon demach pedagojik ki baze sou lang timoun lekòl yo konnen, ki se lang manman yo, pou yo aprann pi byen nan pran lakonesans.

Pèmèt mwen presize pou nou, Akademi Kreyòl Ayisyen pati prenan nan lide a. AKA kwè nou pa ka pale de devlòpman dirab an AYITI, si lang ak kilti kreyòl la pa nan premye ranje. Konsa, yon Edikasyon miltileng ki chita sou lang matènèl, pwomèt pou li rive byen lwen, trè lwen ...

Selon Louise Dabène¹ : « Si nou suiv etimoloji konsèp la, nou ka di yon lang matènèl, se lang manman nou pale oubyen lang paran ki pi pwòch nou pale... Se lang yon timoun atrap nan

¹ Louise DABÈNE. Le développement de la conscience métalinguistique : un objectif commun pour



Republik Ayiti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



moman ki pi pre nesans li. Se lang ki gen chans enstale avèk pi gran souplès sou ògan sansoryèl ak ògàn motè li yo. Se lang yon timoun konnen pi byen. Lokitè natif lang sa a posede nivo konpetans komunikasyon ki pi fò a, kapasite memwa l pi efikas nan lang sa a. Se nan yon sitiyasyon natirèl timoun nan kapte lang matènèl li; e, li pa prèske reflechi anpil pou li kapte li, nou ka menm di, li pa fè okenn efò pou li kapte li, li pa menm bezwen konkou pwofesè pou li konnen li. Se nan lang matènèl li, yon moun konstui fonksyon langaj la²»

Lè aprenan an déjà gen fonksyon langaj li konstui nan lang manman li, li gen zouti pou li ale pi vit epi pi byen nan nenpòt lòt lang ak nan nenpòt domèn konesans. Valè sa yo, UNESCO ap defann yo depi nan ane 1953 avèk yon Komite espè ki t ap etidye kesyon lang ak ansèyman. Anpil lengwis, didaktisyen etranje kou Ayisyen, nan plizyè Invèsite fè rechèch nan domèn nan. Se sa menm ki ta pral mennen nou nan kreyasyon Sant Lengwistik Aplike (1979) ki pral tounen Fakilte Lengwistik Aplike (FLA). Se avanse syantifik sa yo mete ak vansman sosyopolitik lang kreyòl la nan peyi a ki pral kondui nou nan atik 213 Konstitisyon peyi a, nan ane 1987, nan kreyasyon Akademi Kreyòl Ayisyen pou defann lang kreyòl la epi kore devlòman li selon prensip lasyans. Se lide sa yo ki pote AKA chwazi tèm selebrasyon mwa kreyòl la ane a : « **Lang kreyòl ayisyen nan lasyans : wi, nou ap vanse!** » Tèm mwa oktòb 2022 a, se yon envitasyon, yon ankourajman, yon modòd pou kominote syantifik ayisyen ki gaye toupatou, an Ayiti tankou aletranje, nan tout domèn pou yo pa neglige livre pwodiksyon syantifik nan lang kreyòl. Kreyòl ka pale lasyans, se ba li espas pou li pran lapawòl.

Konsa, Akademi Kreyòl Ayisyen pare pou li kore epi kolabore ak tout inisyativ ki vize devlòpman dirab, espesyalman nan sistèm edikatif ayisyen an. AKA pare pou li chita avèk UNESCO ak lòt patnè yo, pou li kontribye nan konstriksyon demach syantifik la pou yon

¹l'enseignement de la la langue maternelle et des langues étrangères. Revue « Repères » no. 6, 1992.

² Pasaj kreyòl nou pran nan liv : Didaktik kreyòl / FIA- MENFP 2015 / Luna GOURGUE, WILNER DORLUS.



Republik Ayiti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



edikasyon miltileng ki chita sou lang matènèl. UNESCO mèt konte sou Akademi Kreyòl Ayisyen ak Akademisyen li yo ki gen espètiz nan Lengwistik, nan Edikasyon nan Sikoloji ki ap travay depi lontan sou plas ak wòl lang kreyòl ayisyen nan ansèyman ak nan sistèm edikasyon ayisyen an.

Depi nan ane 2015, gen yon kolaborasyon sere ki tabli ant AKA avèk UNESCO, espesyalman nan okazyon selebrasyon Jounen entènasyonal lang matènèl (21 fevriye) ak selebrasyon Mwa lang ak kilti kreyòl (28 oktòb), kote AKA òganize plizyè aktivite ak kolaborasyon UNESCO ak MENFP nan plizyè depatman, tankou fòmasyon pou pwofesè kreyòl, fòmasyon pou jounalis, aktivite kilterèl... Kolaborasyon sa a pral pran yon pi gwo dimansyon lè Akademi Kreyòl Ayisyen siyen ak UNESCO nan mwa desam 2018 yon **MEMORANDÒM ANTANT AK KOPERASYON POU PWOMOSYON LANG KREYÒL LA, DWA LENGWISTIK AK KILTIRÈL AN AYITI.**

Konsa, yon kolaborasyon ant AKA ak UNESCO nan kad yon pwosesis pou yon edikasyon miltileng ki chita sou lang matènèl rantre nan kad yon demach natirèl, selon Memorandòm antant lan. Anplis, yon edikasyon miltileng nesesè pou timoun ki fini lekòl klasik yo, pi alèz nan prensipal lang ki lyannen lavi yo kòm sitwayen ki gen bon nivo akademik. Timoun ki fini lekòl yo dwe gen zam lengwistik pou yo al kontinye fè etid yo nan peyi etranje san twòp difikilte, yo dwe gen zouti komunikasyon pou yo kapab kominike ak vwazen yo nan Karayib la nan lang franse, angle ak espayòl. Yon edikasyon miltileng gen enpòtans li an Ayiti pou Ayisyen yo kapab pi pèfoman sou plan nasyonal ak entènasyonal. Sa fè lontan depi lavi yon sitwayen pa bòne nan yon espas jewografik, sitou sitwayen ayisen ki deplase anpil epi ki anviwonnen ak lòt teritwa, lòt lang men ki pataje menm tranch istwa avèk yo. Lekòl fèt pou louvri pòt pou sitwayen yo kapab konprann pwoblèm sosyete yo epi kontribye pou ede rezoud pwoblèm sa yo, men tou



Republik Ayiti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



lekòl fèt pou li louvri pòt pou sitwayen yo sou plan entènasyonal, pou yo kapab tounen lokitè valab pou defann enterè yo ansanm ak koz peyi yo.